

## BAB III

### MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métodeu panalungtikan nu patali jeung desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung analisis data.

#### 3.1 Desain Panalungtikan


Métodeu panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan udagan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiyono, 2015, kc. 3). Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) métodeu panalungtikan nyaéta cara nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Métodeu nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu déskriptif analitik. Nurutkeun Suyatna (2002, kc. 14) métodeu panalungtikan déskriptif analitik nyaéta panalungtikan anu dijerona ngawengku akumulasi data ku cara déskriptif, henteu maké uji hipotesis, teu nyieun ramalan/prédiksi, jeung teu nyangking ma'na implikasi nu satuluyna dianalisis kalawan maké interprétasi anu jero.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif sabab objék panalungtikanna mangrupa bagian tina basa sarta hasil panalungtikanna mangrupa wangun tinulis. Saluyu jeung pamadegan Moleong (2007, kc. 6) yén *penelitian kualitatif adalah penelitian yang bermaksud untuk memahami fenomena tentang apa yang dialami oleh subjek penelitian misalnya perilaku, persepsi, motivasi, tindakan, dll., secara holistik, dan dengan cara deskripsi dalam bentuk kata-kata dan bahasa, pada suatu konteks khusus yang alamiah dan dengan memanfaatkan berbagai metode alamiah.*

Desain panalungtikan nyaéta rupa-rupa komponén anu digunakeun dina panalungtikan sarta kagiatan anu dilaksanakeun dina waktu prosés panalungtikan (Martono, 2011, kc. 131). Ieu desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumen, (7) ngumpulkeun data, (8) nganalisis data, (9) kacindekan, jeung (10) nyusun laporan

(Arikunto, 2013, kc. 61). Struktur désain ieu panalungtikan bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data mangrupa bahan anu diolah sacara sistematis ku cara nganalisis nepi ka ngahasilkeun hiji informasi atawa hasil (Usman jeung Akbar, 2008, kc. 15). Data ieu panalungtikan ngawengku babasan jeung paribasa Sunda disawang tina gaya basa basa ngupamakeun. Éta sawangan téh nyoko kana ulikan stilistika jeung semantik.

Nurutkeun Lofland (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 169) sumber data utama dina panalungtikan kualitatif mangrupa kekecapan jeung paripolah, di luar éta hal data bisa mangrupa dokumén jsb. Sumber data panalungtikan nyaéta subjék data anu ditalungtik (Arikunto, 2013, kc. 172). Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta babasan jeung paribasa tina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karangan Budi Rahayu Tamsyah, spk. (2012) jeung buku *Babasan jeung Paribasa Kabeungharan Basa Sunda 2* karya Ajip Rosidi (2010).

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salahsahiji cara pikeun ngahontal sagala tujuan dina ieu panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, téhnik anu digunakeun nyaéta studi pustaka. Ieu téhnik panalungtikan digunakeun pikeun nyangking informasi, data, jeung fakta anu aya patalina jeung dasar-dasar tiori stilistika jeung semantik. Ku kituna, téhnik panalungtikan anu baris dipedar ngawengku dua hal nu kudu dipilampah, nyaéta instrument panalungtikan jeung téhnik ngumpulkeun data.

#### 3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéan bisa lumangsung leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Dina harti, leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis anu ngajadikeun datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203). Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data anu eusina nomer kode, data babasan atawa paribasa anu kapanggih jeung dianalisis anu kagambar dina bagan ieu di handap.

*Asa aing pangménakna* (BPKBS2/P/175)

Gaya basa ngupamakeun:

1. Babasan ( )
2. Paribasa (  )

Wanda gaya basa ngupamakeun:

1. Awak sakujur ( )
2. sasatoan ( )
3. tutuwuhan ( )
4. kaayaan alam ( )
5. barang ( )
6. laku lampah (  )

Ciri ciri gaya basa ngupamakeun: maké kecap panyambung *asa*.

Harti: sombong ku kalungguhan jadi ménak.

Sipat harti:

1. Positif ( )
2. Negatif (  )
3. Netral ( )

Acuan harti:

- 1) Nuduhkeun kaayaan ( )
- 2) Nuduhkeun rupa ( )
- 3) Nuduhkeun tempat ( )
- 4) Nuduhkeun watek (  )

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah-léngkah anu paling penting dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan téh nyaéta pikeun nyangking data (Sugiono, 2015, kc. 308). Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun ku sababaraha cara, di antarana:

- a. néangan buku babasan jeun paribasa Sunda;
- b. maca buku babasan jeung paribasa Sunda;

- c. nganalisis jeung nyirian gaya basa ngupamakeun nu aya dina buku babasan jeung paribasa Sunda; jeung
- d. nyalin kana kartu data

### 3.4 Analisis Data

Analisis data mangrupa prosés analisis kualitatif anu ngajadikeun hiji dadasar ku ayana hubungan semantik antara variabel anu ditalungtik (Sutofo jeung Arif, 2010, kc. 8). Nurutkeun Martono (2011, kc. 143) analisis data mangrupa prosés ngolah data, interprétasi, jeung analisis data tina hasil panalungtikan. Tujuan tina ieu analisis data nyaéta sangkan nu maca bisa nyaho kana hasil panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngolah data anu dipaké ngawengku kana dua téhnik analisis, nyaéta analisis unsur langsung (*Immediate Constituent (IC) analysis*) jeung analisis unsur hermeneutik. Nurutkeun Wijayanto (dina Fauziah A.N, 2014, kc. 36), nyebutkeun yén analisis unsur-unsur anu ngawangun hiji basa (kecap, frasa, klausa, atawa kalimat). Ieu analisis digunakeun pikeun mikanyaho wangun lingual tina babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung gaya basa ngupamakeun. Sedengkeun anu dimaksud analisis hermeneutik, nyaéta wangun métodeu analisis anu nyangkem hiji hal kalayan jero ku cara ngainterprétasikeun ma'na atawa harti. Analisis hermeneutik digunakeun dina ieu panalungtikan anu miboga udagan sangkan bisa nuduhkeun sipat acuan tina babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung gaya basa ngupamakeun.

Léngkah-léngkah anu kudu dipilampah dina ngolah data ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. maca deui kartu data.
- b. nyieun jeung nyusun daptar babasan jeung paribasa Sunda sacara alpabétis.
- c. nyieun papasingan babasan jeung paribasa Sunda.
- d. analisis jeung déskripsi gaya basa ngupamakeun dina babasan jeung paribasa Sunda.
- e. nyieun kacindekan.